

Kategori : **ELÈV**

Pibliye : 9 Mas 2011

Nimewo : **A-449**

Sijè: TRANSFÈ POU REZON SEKIRITE

Paj : 1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ap modifiye ak ranplase Règleman Chanselye Chancellor's Regulation A-449 (CR A-449) ki gen dat 20 janvye 2011.

Chanjman yo :

- Nou mete ajou enfòmasyon sou moun pou kontakte

REZIME

Regleman sa a tabli pwosedi pou apwouve transfè pou rezon sekirite

(1)lè elèv yo se viktim yon zak kriminèl vyolan pandan li nan lekòl la; ak (2)nan lòt ka, lè yo detèmine ke si elèv la kontinye vin lekòl la sa reprezante yon danje pou elèv la.

I. ENTWODIKSYON

A. Regleman sa a tabli pwosedi pou detèmine si pou yo apwouve transfè pou rezon sekirite pou elèv.

TRANSFÈ POU REZON SEKIRITE DAPRE LWA OKENN TIMOUN PA DWE RETE DÈYÈ *NO CHILD LEFT BEHIND* (NCLB): Dapre NCLB, yo dwe enfòmasyon yon elèv ki se viktim yon zak kriminèl vyolan pandan li nan lekòl li sou dwa li genyen pou l transfere nan yon lekòl ki gen sekirite. Si elèv la mande transfè sa a , yo dwe apwouve l si yo jwenn elèv la te viktim yon krim vyolan pandan li nan lekòl la.

C. **LÒT TRANSFÈ POU REZON SEKIRITE** Yon elèv ka mande yon transfè tou pou rezon sekirite nan yon sitiyasyon kote elèv la pa t viktim yon zak kriminèl vyolan nan lekòl la. Yo ta dwe apwouve yon demann konsa lè yo detèmine ke si elèv la kontinye rete nan lekòl la li ka reprezante yon danje pou li.

II. TRANSFÈ POU REZON SEKIRITE DAPRE NCLB POU VIKTIM ZAK KRIMINÈL VYOLAN

A. Lalwa defini yon“zak kriminèl vyolan”kòm:

1. Yon krim ki lakoz yon lòt moun sibi domaj fizik grav jan Lwa penal Eta a defini l(paegzanp agresyon, ensandi);oswa¹
2. Yon agresyon seksyèl ki fòse konsantman(paegzanp vyòl, sodomi, abi seksyèl);oswa
3. Tout lòt krim yo defini nan lwa penal ki gen itilizasyon zam ki ka tiye oswa menas pou itilizasyon zam ki ka tiye.²

B. Si pèsònèl lekòl la konnen yon elèv ki ta viktim yon zak kriminèl vyolan nan lekòl la, direktè a /reprezantan l dwe mennen yon envestigasyon konplè epi pran mezi apwopriye dapre CR A-412 ak A-443. Anplis, yo dwe pran mezi sa yo imedyatman.

1. Direktè a/reprezantan l dwe avèti Depatman Polis Nouyòk New York Police Department (NYPD), Sant Enfòmasyon pou ijans *Emergency Information Center* (“EIC”) ak paran elèv la sou ensidan an.
2. Pou li ka konnen si elèv la te viktim yon zak kriminèl vyolan(jan yo defini l pi wo a), direktè a dwe kontakte NYPD. Yo tabli pwosedi sa yo ak Divizyon sekirite lekòl School Safety Division ki nan NYPD.
 - a. Si direktè/reprezantan an panse elèv la ta viktim yon zak kriminèl vyolan, direktè a/reprezantan an dwe kontakte Sèjan sekirite lekòl la ke yo mete nan pòs polis ki responsab lekòl la. Si sèjan sekirite lekòl la pa disponib, direktè a/reprezantan an dwe kontakte kòmandan pòs la oswa reprezantan l.
 - b. Direktè a/reprezantan l dwe bay nonak/oswa nimewo lekòl la, dat, lè ak kote ensidan an rive a ak non viktim yo.

¹ Lwa penal 10.00 (10) defini “domaj fizik grav” kòm yon “domaj fizik ki kreye yon gwo risk lanmò oswa ki lakoz lanmò oswa defòmasyon grav ak pwolonje andikap pwolonje sante oswa pèt oswa pwoblèm pou yon manm nan kò a fonksyone.”

² Lwa penal 10.00 (12) defini “zam ki ka tiye” kòm “nenpòt zam chaje ki gen yon bal, ki kapab tiye oswa ki ka lakoz lòt domaj fizik grav, ke yo ka dechaje oswa yon kouto ki gan lam, kouto gravite, kouto balistik pilum, kouto manch anmetal, pwaya, billy, kokomakak, oswa fo pwen.”

- c. Nen entèval yon jou lekòl apati ankèt lekòl la, NYPD ap konfime nan bouch si yo mennen envestigasyon sou yon akizasyon kote elèv la te viktim yon zak kriminel vyolan nan lekòl la jan yo defini l pi wo a. NYPD ak fè yon konfimasyon alekri tou apres.³
 - d. Nan entèval 24èdtan apati dat konfimasyon vèbal NYPD a, direktè a/reprezantan l dwe avèti direktè pou sispansyon borough a ki sèvi kòm reprezantan Otorite egzekitif anchèf Chief Executive Officer (CEO) pou Biwo lekòl ak fòmasyon jèn Office of School and Youth Development (OSYD) epi l ap bay tout detay ki enpòtan. Tout dokiman(deklarasyon temwen, rapò evènman yo, elatriye)fèt pou disponib pou direktè pou sispansyon Borough a evalye.
 - e. Nan espas 24èdtan apre yo fin resevwa avi direktè/reprezantan l , Direktè sispansyon borough a dwe decide si gen rezon pou kwè ke elèv la te viktim yon zak kriminel vyolan nan lekòl la. Direktè pou sispansyon borough a ka kontakte biwo sèvis legal Office of Legal Services pou pran desizyon sa a. Sonje ke yon kondanasyon pou krim pa obligatwa pou detèmine ke gen rezon pou kwè elèv la te viktim yon zak kriminel vyolan.
 - f. Si Direktè pou sispansyon Borough a decide gen rezon pou kwè elèv la te viktim yon zak kriminel vyolan nan lekòl la, elèv la gen dwa pou transfere nan yon lòt lekòl.
3. Nan espas 24èdtan apre yo fin decide ke gen rezon pou kwè elèv la te viktim yon zak kriminel nan lekòl la epi ke li gen dwa pou yon transfè, Direktè pou sispansyon Borough a dwe avèti paran an alekri sou dwa pou transfere elèv la nan yon lòt lekòl leta(gade dokiman siplemantè No. 1).⁴ Yo dwe remèt avi sa a men nan men, pa kourye eksprès oswa pa nenpòt lòt mwayen ekivalan ki byen kalkile pou garanti ke yo resevwa avi sa a nan 24èdtan apre yo fin pran desizyon an(paegzanp faks oswa imèl).
- a. Direktè pou sispansyon Borough a ta dwe mande pou paran an avèti l nan espas senk jou apre li fin resevwa avi a pou fè l konnen si paran an vle diskite opsyon pou transfè.
 - b. Si paran an pa reponn nan espas senk jou, Direktè pou sispansyon Borough a dwe kontakte paran an.
 - c. Si paran vle mande transfè, Direktè pou sispansyon Borough a, ap chwazi yon lekòl transfè pou ofri paran , nan tèt ansanm ak Biwo Enskripsyon elèv *Office of Student Enrollment's*(OSE), ak Direktè egzekitif enskripsyon borough a/reprezantan l. Pou elèv ki nan lekòl; leta distri 75, Direktè pou sispansyon Borough a ap kontakte direktè plasman distri 75 la pou chwazi yon lekòl transfè pou ofri paran an. Lè sa posib, yo ta dwe transfere yon elèv nan yon lekòl ki fè pwogrè anyèl sifizan adequate yearly progress(AYP) dapre nòm yo tabli nan lwa NCLB epi ke yo pa idantifye kòm yon lekòl ki bezwen amelyorasyon school in need of improvement(SINI), ki bezwen pran mezi pou amelyore pèfòmans corrective action oswa ki bezwen restriktire restructuring.
 - d. Direktè pou sispansyon borough a dwe enfòmè paran an sou lekòl transfè a nan espas dis jou apre yo fin detèmine gen rezon pou kwè elèv te viktim yon zak kriminel vyolan(gade dokiman siplemantè No. 2)

³ Yo ka itilize enfòmasyon NYPD a bay sèlman pou rezon yo dekri nan memorandòm sa a.

⁴ Nenpòt lèt ki gen rapò ak memorandòm sa a ke yo voye ba paran an dwe ekri nan lang paran an pale oswa nan mòd kominikasyon li konprann, si sa posib. Nan ka sa yo lè sa pa posib pou jwenn yon tradiksyon konplè lèt la, yo ta dwe voye l ann anglè ak yon avi ki nan lang paran an oswa nan mòd kominikasyon paran an konprann ki di "Lèt nou voye ba w la gen ladanenfòmasyon enpòtan sou pitit ou a. Tanpri fè yo tradui l pou ou pi vit posib."

T&I-22143 (Haitian-Creole)

Direktè pou sispansyon Borough a dwe enfòmè lekòl transfè a ke y ap transfere elèv la nan lekòl la depi yo fin resevwa konsantman paran an.

- e. Yo dwe bay elèv yo transfere yo mwayen transpò dapre regleman ak prensip ki deja egziste.
 - f. Menm si yo dwe bay paran elèv la opòtinite pou l transfere elèv la, li ka chwazi kite timoun lan nan lekòl la.
4. Direktè/reprezantan l ak direktè pou sispansyon Borough a dwe konsève dokiman apwopriye sou kontak yo ak otorite lapolis tankou avi ba paran, rapò polis, elatriye.

III. LÒT TRANSFÈ POU REZON SEKIRITE

- A. Transfè pou rezon sekirite disponib tou lè elèv la pa viktim yon zak kriminel vyolan nan lekòl la, si paran yon elèv fè demann transfè epi yo detèmine ke si elèv la kontinye ale lekòl la sa ka reprezante yon danje pou li. Direktè egzekitif enskripsyon elèv/reprezantan l ap deside apre direktè a/reprezantan l fè yon rekòmandasyon. Pou elèv distri 75 ki nan lekòl leta, se direktè plasman distri 75 la k ap deside apre direktè distri 75/reprezantan l fè yon rekòmandasyon.
- B. Si demann lan gen rapò ak yon ensidan sou sekirite nan lekòl la, direktè a/reprezantan l dwe asire l ke yo fè yon investigasyon konplè, yon rapò sou sa k te pase, deklarasyon pati yo fè ak temwen ak mezi disiplin apwopriye ke yo te pran dapre CR A-412 ak A-443. Si ensidan an te gen yon karaktè kriminel, direktè a/ reprezantan l ta dwe mande paran an yon kopi rapò polis. Lè l ap evalye demann lan, direktè a/ reprezantan l ta dwe evalye rezilta investigasyon an ak tout dokiman pou kore l.
- C. Nan espas 48èdtan apre yo fin resevwa demann paran an pou yon transfè pou rezon sekirite ak tout dokiman pou kore l, direktè a/reprezantan l dwe fè yon rekòmandasyon ba direktè egzekitif biwo enskripsyon elèv/reprezantan l si li kwè ke yon transfè pou rezon sekirite nesèsè(gade dokiman siplemantè No. 4). Direktè a/reprezantan l dwe soumèt dokiman sa yo ba direktè egzekitif biwo enskripsyon elèv la/oswa ba reprezantan l.
 1. Fòm transfè pou rezon sekirite *Safety Transfer Intake Form* (gade dokiman siplemantè No. 3);
 2. Rezime investigasyon an (gade dokiman siplemantè No. 4);
 3. Kopi rapò ensidan ki pase lekòl la; ak
 4. Kopi rapò lapolis.
- D. Nan lespas yon sèmèn apre yo fin resevwa rekòmandasyon direktè a/reprezantan l ak lòt dokiman yo, Direktè egzekitif enskripsyon elèv/reprezantan l, ki jwe wòl reprezantan Ofisye egzekitif anchèf Chief Executive Officer (CEO) pou Office of School and Youth Development (OSYD) dwe deside si pou yo apwouve yon transfè pou rezon sekirite epi li dwe avèti paran an alekri sou desizyon an.

Pou elèv ki nan lekòl leta distri 75 direktè plasman distri 75 lan dwe deside si pou yo apwouve yon transfè pou rezon sekirite epi li dwe avèti paran an alekri sou desizyon an. Si yo apwouve transfè a, avi alekri a dwe: 1) fè paran an konnen nan ki lekòl yo transfere elèv la; epi 2) enfòmè lekòl transfè a ke yo ofri elèv la yon plas nan lekòl la.

IV. DOKIMAN TRANSFÈ

Lè yo apwouve yon transfè pou rezon sekirite, lekòl elèv la soti a dwe bay direktè egzekitif biwo enskripsyon elèv pou borough enskripsyon an dokiman sa yo pou fasilite lekòl elèv la ap transfere a:

- A. Kanè vaksinasyon ;
- B. Relve nòt ak/oswa kanè resan;
- C. Kopi kanè pwogram elèv la; ak
- D. Plan edikasyon endividyèl Individualized Education Program (“IEP”), si genyen
- E. Plan akomodasyon seksyon 504, si genyen.

V. RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, ou ta dwe voye yo nan :

<u>Telefòn :</u> 212-374-6784	<u>POU TRANSFE DAPRE NCLB::</u> <i>Office of School and Youth Development</i> N.Y.C. Depatman Edikasyon <i>52 Chambers Street</i> New York, NY 10007	<u>Faks:</u> 212-374-5751
<u>Telefòn :</u> 212-374-2363	<u>POU LOT TRANSFE POU REZON SEKIRITE:</u> <i>Office of Student Enrollment (OSE)</i> N.Y.C. Depatman Edikasyon <i>52 Chambers Street</i> New York, NY 10007	<u>Faks:</u> 212-374-5568

LÈT SOU DWA POU TRANSFERE ELÈV NAN YON LÒT LEKÒL LETA

Chè _____ :

Tanpri sonje ke gen rezon ki fè nou kwè pitit ou a te viktim agresyon kriminel vyolan nan lekòl la. Dapre kondisyon lwa NCLB, pitit ou a gen dwa pou yo transfere l nan yon lekòl otorite lekòl yo jije apwopriye. Ou dwe kontakte m nan _____ nan lespas senk jou apre ou fin resevwa avi sa a si w ta renmen diskite yon transfè pou pitit ou a. Ou ka chwazi tou pou pitit ou a rete nan lekòl li ye a. Tanpri pa ezite kontakte m si w ta gen nenpòt kesyon.

Avèk tout respè,

Direktè pou ranvwa

kopi pou: Direktè/Direktris
Direktè/Direktris enskripsyon

LÈT DESIZYON SOU LOKAL TRANSFÈ

Chè _____:

tanpri konnen ke dapre demann transfè ou fè pou rezon sekirite a, pitit ou a ap transfere nan _____, apati _____. Tanpri kontakte m imedyatman, men nan okenn ka pa tann plis pase de jou lekòl pou konfime si w aksepte òf sa a oswa si w ap kite pitit ou a nan lekòl li ye kounye a. Si w deside aksepte òf transfè sa a, m ap voye ba w enfòmasyon ki nesèsè pou garanti pitit ou a enskri atan.

Avèk tout respè,

Direktè/Direktris pou sispansyon

kopi pou: Direktè(lekòl li ye a)
Direktè(lekòl li transfere a)

FÒMILÈ ENFÒMASYON SOU TRANSFÈ POU REZON SEKIRITE

Yo dwe itilize fòm sa a pou tout demann transfè akòz rezon sekirite. Yo p ap finalize demann transfè ki pa konplè, epi y ap voye l tounen ba w.

Non elèv la _____ Dat _____

ID elèv la _____ Nivo klas _____ Dat nesans _____

Non Paran/Responsab _____ Telefòn _____

Adrès elèv la (# kay, Ri, # Apatman, Borough ak Kòd postal) Borough ak ZIP) _____

LEKÒL _____

Edikasyon jeneral OSWA edikasyon espesyal(ansèkle yonn)

Nivo klas _____ Kantite kredi _____

Absans _____ Reta _____

Pwogram espesyal/Espesyalizasyon _____ ESL: Wi OSWA
NoN (Ansèkle yonn)

Lekòl li te ye avan _____ Dat _____

Dat _____

DOSYE SANSÈ

- | | |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Okenn | <input type="checkbox"/> Sispanasyon Direktè a bay/ Dat _____ |
| <input type="checkbox"/> Zak sou estaf la | <input type="checkbox"/> Sispanasyon Sipèentandan an bay/Dat _____ |
| <input type="checkbox"/> Deranjman salklas | <input type="checkbox"/> Lòt bagay _____ |
| <input type="checkbox"/> ki gen rapò ak dwòg | <input type="checkbox"/> Prezans/Ratman |
| <input type="checkbox"/> Zak sou elèv | |

Moun ki ranpli fòm lan se _____

PA EKRI LA SE POU BIWO ENSKRIPSYON AN SÈLMAN

Approved _____ Date _____

Placement _____ Effective Date _____

Denied _____ Date _____

Comments _____

c: _____ AP _____ Sending School

_____ AP _____ Receiving School

REZIME FÒM ENVESTIGASYON TRANSFÈ POU REZON SEKIRITE

Non elèv la _____ Dat _____

ID elèv la _____ Nivo klas _____ Dat nesans _____

Rezon pou demann transfè(bay detay presi) _____

Idantifye tout moun ki patisipe nan ensidan an. Akote chak non yo ekri moun ki: **S** (Sispèk), **V** (Viktim), **W** (Temwen), **O** (Lòt).

Kiyès ki te fè investigasyon an? _____

Èske yo te pran deklarasyon? **Wi** **Non**

Si yo te pran, ki kote? (**Idantifye tout moun epi mete deklarasyon yo, si yo disponib**) _____

Kiyès yo te entèwoje? (**Idantifye tout moun**) _____

Tanpri fè yon rezime rezilta investigasyon an pi ba a:

Ki sanksyon, tankou sispansyon yo te pran kont elèv yo akize ki komèt zak la?

Èske direktè/reprezantan I te fè yon reyinyon? **Wi** **Non**

Ki dokiman ou genyen pou kore demann transfè pou rezon sekirite a?

_____ Rapò polis(**bay # plent lan, # aksidan an, # rapò ki sipòte a**) _____

_____ Rapò Depatman Edikasyon *Department of Education Occurrence Report (DOE)*(**Bay # a**) _____

_____ Deklarasyon

_____ Lòt dokiman(**tanpri di kisa**) _____

Nan konseye pedagojik/sansè ki te entèwoje elèv la sou demann transfè pou rezon sekirite a:

Aprè yon investigasyon anpwofondè, nou kwè ke nou apwouve yon transfè pou rezon sekirite.

Siyati Direktè

Siyati Asistan Direktè